# Q.MÁTMURATOVTIŃ “BIR ÚYDE EKI ÓMIR” DRAMASINDA QAHARMAN XARAKTERIN SÚWRETLEWDE MONOLOGTIŃ XIZMETI

***Qádirniyazova Nargiza Keńesbay qızı***

*Berdaq atındaǵı QMU magistrantı*

*elek.poch nargizaqadirniyazova@icloud.com*

Qaharman xarakterin ashıwda avtor remarkası hám monolog tıykarǵı qurallardan esaplanadı. Bul eki komponent bir-birin tolıqtırıp, qaharmannıń ishki hám sırtqı qasiyetlerin kórsetip beredi. Remarka qaharmandı sırttan baqlawǵa imkaniyat berse, monolog onıń ishki jan-dúnyasına kirip barıwǵa jol ashadı. Bul eki quraldıń birigiwi shıǵarmada janlı hám isenimli obrazdıń jaratılıwın támiyinleydi.

Dramaturgiya teoriyasında monolog hám remarka boyınsha túrkiy xalıqlar ádebiyatında I.Rustamovanıń dissertaciya jumısında, B.Gafurovanıń maqalalarında, I.Sultan, H.Abdusamatov, T.Boboevlardıń qaraqalpaq ádebiyatında T.Allanazarov, T.Bayandiev, B.Tursinov, Z.Bekbergenova, M.Palımbetova, R.Mátmuratovalardıń izertlewlerinde kóriwimizge boladı.

“Bir úyde eki ómir” dramasi tiykarınan saxna ushın qolaylastırılıp jazılǵanlıǵın hám de mámleketimiz teatrlarında bir neshe mártebe qaytalanıp qoyılǵanlıǵın kóriwimizge boladı. Bul dramanıń kórkemlik máselelerine toqtap ótpekshimiz.

Dialog, monologlar, remarka, ekspoziciya sıyaqlı syujetlik elementler hám qaharman obrazın jasaw usılları ónimli hám óz ornında qollanılǵanda ǵana dramalıq shıǵarmanıń kórkemlik qunı artıp bara beredi. «Bir úyde eki ómir» dramasında da olar óz ornı menen qollanılǵan.

“Bir úyde eki ómir” dramasındaǵı qaharmanlardıń obrazın ashıp beriwde monologtıń xızmeti úlken. Óytkeni, monolog arqalı qaharmannıń pikir-

kózqarasların bayanlawda, ruwxıy keshirmeleri, xarakteri, ishki dúnyası ashıp beriledi.

Monologlar dramalıq shıǵarmalarda sırtqa shıǵarıp aytıladı yamasa massovka formasında perde artında oqıladı. Al, muzikalı dramalarda bul usıl qollanılmaydı. Onda aktyordıń ózi ishindegi sózlerdi sırtqa shıǵarıp, ózi atqaradı. Máselen, "Bir úyde eki ómir" dramasınıń birinshi bólim úshinshi kórinisinde bas qaharman Baxıttıń monologında ókiniwshilik, narazılıq, óziniń oy-keshirmelerinde Ulbosınǵa degen jerkenishli bir sezimlerdi bir ózi otırıp, ózi menen ózi sóylesip, aytqan monologı sózimizdiń dálili.

***Baxıt.*** *Men ómirdi bir tusip alsań, zıńǵıp kete beretuǵın guzar jol shıǵar dep pámler edim. Joq olay emes eken. Ulbosındı súyip onıń menen turmıs qurǵanımda, dúńyada eń qádirdan, eń qımbat, pútkil ómirin men ushın, men dep jasaǵan analarıma, bunday húrmetsizlik penen qaraydı dep oylap pa edim?! Aytıp atırman, tusindirip atırman bári-bir aqıbeti mine (oylanıp)! Ne qılıw kerek? Múmkin Jeńisbay aytqanday, ósh dep tiklengenim de, kúl bolıp sóngendey etip ǵázebimdi tigiwim kerek shıǵar. Ya daǵısıw kerek pe? Bilmedim, bilmey turman, hesh nársege aqılım jetpey tur?. (224-bet).*

Dramada Baxıt obrazı unamlı obraz sıpatında súwretlengen. Joqarıda keltirilgen Baxıttıń monologında insan kewliniń eń názik tárepleri – muhabbat, hújdan hám ana húrmeti ortasındaǵı ishki gúres sáwlelengen. Eń qádirli insan aldında húrmetsizlik qılıw – awır mánawiy júk. Baxıt ómir haqqında óz arzıwlarına berilip, jaqsı kórgen insanı menen baxıtlı ómir keshiriwdi oylaydı. Biraq bul qatarlar arqalı Baxıttıń ómirde bir jolǵa túsip ketseń izi bir tegis dawam etip kete bermeytuǵınlıǵına, Ulbosınǵa ókpeli ekenligin, analarına qılǵan húrmetsizlikke aqılı hayran bolǵanlıǵın, endi ne islew kerekligi haqqındaǵı óziniń oylarında ne júz berip atırǵanlıǵın ashıp bere alǵan. Baxıttıń Ulbosındı súyip qosılǵanı menen, Ulbosınnıń mineziniń bunday unamsız ekenligine ókinish sezimlerin bildirip, ómir tek ǵana jeke qálewlerden ibarat emesligin ańlaydı.

Shıǵarmada qaharmannıń ishki qıynalıw sezimleri kúshli súwretlengen. Baxıt anasınıń kewlin oylap, qattıǵa qıynaladı. Anasın eń qádirli insan sıpatında kóriwi – bul onıń anasına degen húrmetiniń bálent ekenligi hám perzent ushın ananıń razılıǵı birinshi orında, sebebi ol perzentin álpeshlep, pútkil ómirin soǵan arnaydı. Ulbosınnıń unamsız háreketleri, ájesi menen anasına qaytarıp sóylewleri, aytqanların tıńlamawı Baxıttıń qattı ókiniwine, hátteki ajırasıw dárejesine shekem barıwına alıp keledi. Biraq anasınıń gápine qulaq salǵan halda ortada balalar jetim qalmawı ushın Ulbosındı keshiredi.

Avtor Baxıttıń monologlarında ritorikalıq sorawlar beriw arqalı insan ómirinde durıs jol saylaw – qanshelli qıyın ekenligin kórsetedi.

***Tilewbay.*** *Wáy, ońbaǵır júwermek-áy. Ya, o nesi áy onıń, ya ol ǵana júwernemektin, tap meniń joramday ol ne degeni, ya, ol ne degeni?! (Dó- geregine qaranıp) Hámire, há Hámire kishe. Yapırmay bala, mına ǵana júwernemektiń gápiniń jeti júyremnen ótiwin-áy. Mushtay ǵana júwermek-aw, mushtay, meniń mına hasam menen jas-aw, hasam menen... (204-bet).*

Birinshi kartina ekspoziciya bóliminde, Tilewbay ǵarrınıń Baxıttıń úyine ashıwlı kelip, házirgi jaslardıń tárbiyası boyınsha aytıw, oǵan qosa jas kelini Ulbosınnıń sózlerine, háreketlerine tańlanǵan enesi Palzadanıń dialogları menen baslanadı. Tilewbaydıń házirgi jaslardıń tárbiyasınıń buzılǵanlıǵına, sóylegen sózleriniń turpayılıǵına, jeti júyrińnen ótip ketetuǵınlıǵına tań qalıp, oylanıp kiyatırǵanlıǵın, onı kishesi Xámre menen bólispekshi ekenligi sezilip tur. Avtor Tilewbay obrazı arqalı házirgi kúndegi jaslardıń tárbiyasızlıǵınıń, húrmetlew sıyaqlı ullı pazıyletlerdiń joǵalıp baratırǵanlıǵın jetkerip bere alǵan. Húrmetsizlik bar jerde tatıwlıq, awızbirishiliktiń joǵalıp ketiwin, usı saxnalıq shıǵarması arqalı bere alǵan.

***Ulbosın****: Bulardıń, soqırınan sawına deyin, qaraǵım-shıraǵımlap, beretuǵını buyrıq, qılatuǵını millet. Qashan kórseń, ananday bol shıraǵım, mınanday bol shıraǵım, bizler anday bolǵanbız, mınanday bolǵanbız dep, miyińe qurt bolıp túskeni túsken... Áy násiyatta baslarıń qalǵırlar. İǵır bolǵanlıǵım sonsheli, solardıń dawısın*

*esitsem, tap tas tóbem de birew, tınımsız oraq tisep otırǵanday sezemen dá! (222-bet)*

Bul kartinanıń basınan-aq, Ulbosınnıń xarakteri ashılıp baslaydı. Berilgen monologta Ulbosınnıń bayanlawları arqalı qaharmannıń enelerine bolǵan jek-kóriwshilik múnásebetleri kórsetiledi. Jası-úlkenlerdiń násiyat sózleri, tárbiya beriwshilik pazıyletleri áwlattan-áwlatqa ótip kiyatırǵan qádiriyatlarımızdıń biri esaplanadı. Sebebi hárbir jas áwladtı tárbiyalap, másláhát berip barmasa, olar tuwrı joldan adasıp, qáteliklerge jol qoyıwı múmkin. Yaǵnıy ene menen kelin ortasındaǵı múnásebetler, úlken hám kishi áwlad ortasındaǵı kózqaraslardıń ayırmashılıqları óz sáwleleniwin tabadı. Máselen, Ulbosınnıń eneleri Xámre menen Palzada kelininiń jaqsı bolıwın, olarǵa húrmet-izzet kórsetiwin qálese, kelini olarǵa unamsız múnásebetlerde bolıp, xızmetin qılıwdı qálemeydi.

Dramaturg dramasında obraz jaratıwda bir qansha kórkemlik izlenisler seziledi. Ulbosınnıń monologınan enelerine bolǵan narazılıq xarakterleriniń kórsetiliwi, olardıń xızmetin qılıw jaqpaytuǵınlıqları kórsetip berilgen. Mısalı, onıń monologında Ulbosınnıń enesine qaytarıp sóylewi, jaqtırmaǵan túr bildiriwi unamsız obraz sıpatında ashıp berip turǵanlıǵın kóremiz. Sebebi jas úlkenlerdi húrmetlep, olarǵa qaytarıp sóylegenleri úyinde bul boyınsha túsinik berilmegenligin ańlatadı. Bunda dástúriy hám zamanagóy qádiriyatlardıń toqnasıwı, bir-birine say kelmewi sáwlelengen. Nátiyjede, monolog jasırın formada belgili bolıp, ol shıǵarmanıń qunlılıǵın hám avtor sheberligin ele de kúsheytedi.

Juwmaqlap aytqanda, maqalada monologtıń dramalıq shıǵarmalardaǵı áhmiyetin, tásirin túsindirip beriwge háreket ettik. Olar saxnadaǵı ómirdi janlandırıwshı, obrazlardı toldırıwshı hám shıǵarmanıń ishki mánisin ashıp beriwshi arnawlı qural. Dramalıq shıǵarmalarda monologlar saxna shıǵarmasınıń kórkem, emocional hám mánawiy táreplerin bayıtadı. Olar arqalı qaharmanlardıń ishki dúnyası, saxna háreketi hám avtor poziciyası ańlatıladı. Usı sebepli, monologlar dramalıq shıǵarmalardıń ajıralmas hám arnawlı bólimi esaplanadı.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar:**


1. Бекбергенова З. Қарақалпақ романларында көркем сөз поэтикасы (1980-2010-жыллар). – Нөкис: Илим, 2016. – Б. 205.
2. Мәтмуратов Қ. Жаслар парўазы. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1981. – 436 Б.
3. Палимбетова М. Ғәрезсизлик дәўири қарақалпақ драматургиясы. – Ташкент: Impress media, 2023. – Б. 120.